



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/13/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$500,000 POU KONEKTE NOUYÒKÈ YO AVÈK SÈVIS ADIKSYON NAN CENTRAL NEW YORK AK MOHAWK VALLEY

Finansman pou sipò fanmi ak sèvis sansibilizasyon sou apèl

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo pral bay \$500,000 pou elaji aksè a sèvis tretman pou adiksyon ak sipò pou fanmi nan Central New York ak Mohawk Valley. Finansman an ap sipòte sèvis sansibilizasyon on-call peer pou konekte pasyan yo nan Depatman Ijans lopital yo pou tretman adiksyon apwopriye, ak yon pwogram navigatè sipò fanmi pou ede fanmi yo kòm yap gen aksè a sèvis swen pou twoub sibstans pou yon paran pwòch. Toulède inisyativ yo te devlope pa Biwo Alkòl ak Sèvis Abi Sibstans NYS.

“Finansman sa ap ede asire ke Nouyòkè yo kap batay avèk adiksyon gen aksè a pwogram ansanm avèk resous yo bezwen pou mete yo sou chemen rekiperasyon,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Abi sibstans gen konsekans devastatè pou fanmi yo nan eta sa e sa se yon lòt etap nap pran nan bi pou devlope yon New York ki pi ansante ak pi solid.”

Nouvo inisyativ yo te premye devwale pandan aktivite Kapital pou yon jou Gouvènè Cuomo nan ete ki sot pase a nan apwòch plizyè fasèt pou adrese twoub abi sibstans nan Eta New York. Yo pral delivre nouvo sèvis yo grasa founisè sipò rekiperasyon ak tretman adiksyon nan konte Onondaga ak Oneida.

Kowòdonatè sansibilizasyon on-call peer, ki gen konesans sou sistèm tretman twoub abi sibstans, ap travay avèk anplwaye Depatman Ijans Lopital pou ede pasyan yo etabli koneksyon pou tretman adiksyon apre yon ranvèsman sidozaj opyòd oswa apre yon egzeyat nan yon Depatman Ijans pou yon lòt vizit ki gen rapò avèk adiksyon. Koneksyon sa pou tretman apre yon ranvèsman sidozaj opyòd enpòtan pou yon moun kòmanse sou chemen rekiperasyon, e li ka ede anpeche rechit ak yon posib sidozaj refèt.

Navigatè sipò fanmi ap devlope relasyon avèk prevansyon adiksyon lokal, tretman ak sèvis rekiperasyon, òganizasyon jesyon swen, konsèy twoub abi sibstans ak entèvenan kominotè yo pou ede fanmi yo jwenn aksè a tretman lokal ansanm avèk sèvis sipò.

“Maladi adiksyon se yon advèsè pwisan, men se yon bagay ke nou ka simonte, avèk tretman ak sipò,” **te deklare Komisyònè NYS OASAS Arlene González-Sánchez.**

“Sèvis sa yo se dènye adisyon nan efò ankou nou yo, avèk lidècip Gouvènè Cuomo, pou ogmante aksè swen pou twoub abi sibstans. Yap ede gide moun ak fanmi yo nan tretman ak sèvis yo bezwen kidonk yo ka kòmanse vwayaj la nan bi rekiperasyon.”

Nan Central New York:

- Yo te atribye \$150,000 nan [Sèvis Swen alontèm & Depatman Adilt Konte Onondaga](#) pou sipòte sèvis sansibilizasyon on-call peer
- Yo te atribye \$100,000 pou [Rezo Prevansyon / Konsèy Onondaga sou Alcoholism Addictions, Inc.](#) pou sipòte inisyativ navigatè sipò fanmi.

Egzekitif Konte Onondaga Joanne M. Mahoney te deklare, “Mèsi pou Gouvènè Cuomo ak NYS OASAS paske yo sipòte nouvo inisyativ fonsè sa yo. Kantite moun ki gen difikilte avèk adiksyon ap ogmante chak jou e yo bezwen sèvis tankou sa yo pou angaje nan tretman epi kòmanse yon lavi rekiperasyon.”

Pwogram sa yo ap sèvi sila yo ki nan bezwen nan Konte Onondaga, Madison ak Cortland. Depatman Adilt ak sèvis swen alontèm Konte Onondaga nan pwosesis pou l anboche kowòdinatè sansibilizasyon on-call peer. Rezo Prevansyon /OCAA te anboche yon navigatè sipò fanmi ki deja ap travay avèk fanmi yo. Pou w jwenn enfòmasyon sou pwogram navigatè sipò fanmi, kontakte rezo prevansyon /OCAA nan 315-471-1359 oswa kontakte Ashley Dailey atravè imèl nan adailey@preventionnetworkcny.org.

Nan Mohawk Valley:

- Yo te atribye \$150,000 nan [Misyon Sovtaj nan Utica](#) pou sipòte sèvis sansibilizasyon on-call
- Yo te atribye \$100,000 pou [Center for Family Life & Recovery](#) pou sipòte inisyativ navigatè sipò fanmi.

Egzekitif Konte Oneida Anthony Picente Jr. te deklare, “Fanmi ansanm avèk moun yo ki bezwen sèvis tretman pou adiksyon ap gen kounye a yon nouvo lokal enpòtan pou yo ale avèk èd de nouvo inisyativ sa yo. Kòm nap travay agresivman pou adrese pwoblèm opyòd ak ewoyin nan kominote nou yo, kalite sipò sa yo pou moun sila yo ki gen difikilte ap asire ke plis Nouyòkè ki bezwen tretman, espesyalman pou adiksyon opyòd, jwenn sèvis ke yo bezwen isit la nan kominote nou an.”

Majistra Utica Robert Palmieri te deklare, “Konpliman pou Rescue Mission ak Center for Family Life and Recovery paske yo te jwenn finansman pou bay nouvo sèvis sipò adiksyon sa yo. Nou gen chans paske nou gen òganizasyon sa yo nan kominote nou an kap travay chak jou pou konekte moun sila yo ki gen difikilte avèk adiksyon avèk tretman ak sipò ke yo bezwen pou kòmanse yon vi nan rekiperasyon.”

Cherif Konte Oneida Robert Maciol te deklare, “Konekte moun sila yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon ewoyin oswa lòt opyòd yo avèk tretman enpòtan. Pwogram sansibilizasyon on-call peer nesèsè anpil kidonk sila yo ki ranvèse nan yon sidozaj opyòd ka jwenn tretman. E navigatè sipò fanmi an ap yon gwo resous pou fanmi yo kidonk yo pa santi ke yo poukont yo nan lit yo.”

Pwogram Mohawk Valley a ap sèvi moun sila yo ki nan bezwen kap viv nan Konte Herkimer, Montgomery, Oneida ak Otsego. Center for Family Life and Recovery te anboche navigatè sipò fanmi l e navigatè a kounye ap travay avèk fanmi yo ki bezwen sèvis. Misyon sovta j la antisipe ke pwogram sansibilizasyon on-call peer la ap kòmanse nan dat 1ye Me. Pou w jwenn enfòmasyon sou pwogram navigatè sipò fanmi, kontakte rezo prevansyon /OCAA nan 315-768-2665 oswa kontakte Ashley Dailey atravè imèl nan ADaniel@CFLRinc.org.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen paran ki gen difikilte, ka jwenn èd ak espwa lè yo rele Liy HOPE Eta nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo tèks HOPENY (Kòd kout 467369). Pou w jwenn yon founisè tretman twoub abi sibstans ke OASAS-sètifye lè ou itilize [Tablo OASAS pou disponibilite Kabann](#) oswa lè ou vizite [paj wèb NYS OASAS Jwenn Èd](#). Vizite www.combatheroin.ny.gov pou w jwenn plis enfòmasyon sou adrese ewoyin ak abi preskripsyon opyòd, enkli yon [Twous Zouti Tab Kwizin](#) pou ede kòmanse konvèsasyon an sou siy avètisman adiksyon ak kote pou w jwenn èd. Pou w jwenn zouti anplis pou itilize nan fason pou pale avèk yon jèn moun pou anpeche minè yo bwè alkòl oswa itilize dwòg, vizite sitwèb [Talk2Prevent](#) Eta.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418